

## **Lwa sou konje maladi peye**

### **Kisa konje maladi a ye?**

Konje maladi se konje peye oswa san peye ou pran nan travay lwa Minisipalite Vil Philadelphia a egzije.

### **Sa pou w konnen**

Yon anplwaye ka itilize konje maladi a pou pwòp pwoblèm sante li, oswa pou pran swen yon fanmi, oswa pou konje paske li te viktim vyolans domestik oswa vyòl.

### **Kijan li mache?**

Anplwaye yo ka genyen 1 èdtan konje maladi pou chak 40 èdtan yo travay. Yo ka bay yon maksimòm 40 èdtan konje maladi nan yon ane sivil. Yon anplwaye ka itilize konje maladi a apre li fin travay yon minimòm 90 jou. Demann lan ka fèt swa aloral oswa alekri epi yo dwe peye li nan to nòminal travayè a.

### **Kiyès ki genyen l?**

Anplwaye yo ki travay omwen 40 èdtan **pa ane** nan Philadelphia ka gen konje maladi a. Patwon ki gen 10 oswa plis anplwaye yo dwe bay konje maladi peye. Patwon ki gen 9 oswa mwens anplwaye yo dwe bay konje maladi san peye.

Men ki anplwaye ki pa kalifye pou konje maladi: travayè endepandan, travayè sezonye, pwofesè ki pa regilye, anplwaye yo anboche pou pi piti pase 6 mwa, estajyè, anplwaye pisin, anplwaye ki gen pwoteksyon akò negosyasyon kolektif, anplwaye eta ak anplwaye federal.

### **Responsablite patwon yo**

Patwon yo dwe fè anplwaye yo konnen yo gen dwa pran konje maladi. Yo dwe di yo tou kantite jou konje maladi yon anplwaye genyen ak kondisyon pou yo itilize li a. Patwon yo pa ka egzije pou anplwaye yo jwenn yon travayè pou ranplase yo pou yo ka itilize konje maladi a. Patwon yo pa ka fè yon anplwaye ki egzèsè dwa li genyen pou li pran konje maladi anyen ki mal.

### **Fason pou depoze yon plent fòmèl**

Si yon patwon refize bay anplwaye konje maladi oswa li aji mal ak yon anplwaye paske li te itilize konje maladi, anplwaye a ka depoze yon plent fòmèl nan Biwo Konfòmite ak Avantaj ak Salè (Office of Benefits and Wage Compliance) atravè imèl oswa kourye ki pi ba a.

### **Pou jwenn plis enfòmasyon**

Biwo Konfòmite ak Avantaj ak Salè

215-686-0802

[paidsickleave@phila.gov](mailto:paidsickleave@phila.gov)

Land and Title Building  
100 S. Broad St, 4<sup>th</sup> Floor  
Philadelphia, PA 19102